



# Yon Sitiyasyon Kriz Kapab Rive Nenpòt Kilè

Jwenn Èd 24 sou 24 ak 7 jou sou 7

Sipò pou sante mantal oswa itilizasyon dwòg

Rele oswa voye tèks mesaj nan 9-8-8

---

Li gratis epi konfidansyèl

Repons rapid

Tout laj

---

IT'S  
UP TO  US

# Kijan 9-8-8 ede

Yon konseye ki fòme pou sa ap poze w kesyon sou sa w ap travèse a, epi l ap koute w. Selon sitiyasyon w, l ap konekte w avèk bon resous yo. Li ka voye Ekip Entèkansyon Mobil Nan Moman Kriz oswa sèvis ijans. Si ou pa bezwen èd an ijans, l ap konekte w ak yon kote ou kapab ale pou jwenn sipò.

Jwenn  
sipò

[bit.ly/48JXE1Q](https://bit.ly/48JXE1Q)



## Resous ki ka ede

### MCRT Ekip Entèkansyon Mobil Nan Moman Kriz



Ekip ki pa fè pati fòs lòd yo  
24 sou 24 | 7 jou sou 7

### PERT Ekip Entèkansyon Sikyatrik pou Ijans



Fòs lòd yo avèk yon klinisyen  
Orè yo ka varye

### EMS Sèvis Ijans Medikal



Si gen yon ijans medikal  
24 sou 24 | 7 jou sou 7

### CSU Inite Estabilizasyon Kriz



Etablisman pou sante konpòtmantal pou estabilize moun ki an kriz  
24 sou 24 | 7 jou sou 7

### Klinik Sante Konpòtmantal



Pran yon randevou oswa vini san randevou  
Nou disponib nan semèn, konsilte kòd QR pou lè ak adrès yo